**Департамент образования Мэрии г. Грозного**
**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Лингвистическая школа им.Ю.Д.Дешериева» г. Грозного**

**Протокол№1**

**заседания методического объединения учителей чеченского языка и литературы»**

от 25.08.2022 г.

Заседанехь МО-н декъашхой -6

Дийцаре дира хаттарш:

1. Керла дешаран шо долалуш к1оштан цхьанакхетарехь билгалдинарг дийцаре дар.
2. «Дешаран эвсаралла лакхайаккхарехь хьехархочун корматалла кхиор»
3. Д1адаханчу 2021-2022 дешаран шеран нохчийн меттан а, литературан а хьехархоша бинчу белхан жам1аш дар.
4. Х1ора хьехархочунна дуьззинчу шарна т1едахкарш дар.
5. Нохчийн меттан а, литературан а дидактически материал алсамйаккхар.
6. Нохчийн литературан урокашкахь таханлерчу дийнан керлачу ФГОС лехамех пайдаэца хаар.
7. Нохчийн меттан а, литературан а урокашкахь керлачу технологех пайдаэцар.

1. Хьалхарчу хаттарехь къамел дира Гебаева М.Р.

Нохчийн мотт а, литература а хьехарехь г1еххьа ледарлонаш йуьйлуш меттигаш йаьхкина.

Хьехархой вовшийн урокашка эхар ледара дара, ледарлонаш а йовлура. Дийцаре дира урокан керлачу технологех пайдаэца безаш хилар.

2. Хьехархошна т1едахкарш дар.

Довлетова Л.А. Габзаева Т.Т. йуьхьанцарчу классашка урокашка эхар.

Классал арахьарчу белхаш т1ехь куьйгалла дар Довлетова Л.А. Габзаева Т.Т т1едиллира.

3. Хьехархоша д1адаханчу дешаран шарахь болх ледара бина дидактически материал кечйарехь. Цхьацца йолчу классашкахь къаьсттина ледара бина. Цундела хьехархоша и болх даима а тидамехь латто беза. ОГЭ-на т1ехь болх дика бина хилар.

4. Къаьсттина хьехархоша пайда ледара оьцура д1адаханчу шарахь таханлерчу дийнан актуальни произведенех. Урокашкахь таханлерчу дахаран проблемаш гойтучу произведенех пайда эца беза литературехь а, грамматикехь а.
Таханлерчу дийнахь х1ора хьехархочо ойла йан йеза ша д1ахьоьхуш дерг мелла а дешархочун дог-ойла т1ейохуьйтуш хилийтарна. Дуккха а керла дешаран г1ирсаш йукъабевлла, керла технологеш а йу хьехарехь хила йезаш, вай царех пайдаэца беза. Шаьш курсашкахь долуш шайна дийцинчух а, керла йукъадаьллачух а лаьцна дийцира.

Сацам:

1.Хьехархойн вовшийн урокашка эхар алсамдаккхар.

2.Дидактически материал кечйарехь тидам латтор.

3.Урокашкахь керлачу технологех пайдаэцар.

4. 9-чу классашкахь ОГЭ-на т1ехь тахана дуьйна кечам бар д1аболор.

Председатель: Гебаева М.Р.

Секретарь: Алиева Л.А.